Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гъаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 21 февраль Рузман № 11 (7881) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**23 февраль - ВатIан цIунулесул къо**

## Районалъул бетIерасул барки

ХIурматияв цIумадисел!

Баркула нужеда тIаде щолеб байрам ВатIан- цIунулесул Къо!

Гьеб байрамалъ бихьизабула Россиялъул халкъалъул машгьураб цIар, ВатIаналъул миллияб эркенлъи ва цолъи цIунулел гьелъул рагъухъабазул бахIарчилъи ва яхI-намус.




Нилъер щивасул ракIалъ цIунун руго КIудияб ВатIанияб рагъда нилъер умумуз рихьизарурал бахIарчияб ишал, чIухIула нилъ жакъа нилъер улкаялъул эркенлъи, цолъи ва хIинкъи гьечIолъи цIунулел нилъер васасдаса.

Ахираб заманалда гIемераб хисана нилъер улкаялда, амма аслияблъун букIараб рухIияб бечелъи хутIана къуркьи гьечIеблъун. ВатIан цIуни нилъее кидаго букIана ва букIине буго бацIцIадаб борчлъун.

Гьарула киназего рохел, рекъел ва сах-саламалъи.

БукIа абе гьеб байрам бахIарчияв ва къуркьи гьечIел гIолохъабазе рохалилабгун ракълилаб!

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

**КIудияб Бергьенлъиялъ - 80 сон**

## КIудияб Бергьенлъиялъул къоял:

### 21 февраль 1945 сон - рагъул 1341 абилеб къо

-1945 соналъул 21 февралалда газетазда рахъун рукIана Советияб Армиялъ 27 сон тIубаялда бан ВКП (б) ялъул ЦКаялъул ахIиял. ВКП (б) ялъул ЦКаялъ советиял рагъухъаби ахIана революциялъулаб цIодорлъи цIикIкIинабизе, агъаз гьечIолъи, чIухIдари ва жидерго къуват дагьлъизе биччангутIизе, Германиялъул фашизм жиндирго рукIниб чIинтIизабизе.

-Бранденбург провинциялда нилъер аскараз рахъана Пфертен, Прибус шагьарал, гьединго 50 ялдасаги цIикIкIун гIадамал чIарал бакIал.

-Киналго фронтазда хвезабуна немцазул 198 танк ва 80 самолет.

-Белоруссиялъул лъабабилеб фронталъул аскараз Восточнолъулаб Пруссиялда гьужумал гьаруна Кенигсбергалъул югалъулаб ва югалъулалгун заставалъул рахъалда.

-Белоруссиялъул кIиабилеб фронталъул аскараз бахъана Черск шагьар. Гьединго нилъер аскараз рахъана 40 ялдасаги цIикIкIун гIадамал чIолел бакIал. Гьеб букIана немцазул кIвар бугеб коммуникациялъулаб узел ва Польшаялъул северо-западалъул рахъ цIуниялъе щулияб пункт.

## Рагъулаб хъулухъ тIубазе ахIаралгун дандчIвай

ВатIан цIунулесул къоялда бан районалда тIоритIулел тадбиразул планалда рекъон гьал



къояз районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадов районалъул рагъулаб комиссариаталъул отделалъул нухмалъулев Шагьрурамазан Махаевгун щвана Гьакьо гIорхъода чIараб заставаялде.

Гьенив гьев дандчIвана рагъулаб хъулухъалде ахIарал цIияр рагъухъабигун.

Халилула МухIамадовас рагъухъабазда баркана тIаде щолеб ВатIан цIунулесул къо ва рагъулаб хъулухъ байбихьи.

-РакIбацIцIадго рагъулаб хъулухъ тIубай ва ВатIан цIуни-гьеб ккола нилъер щивасул борч. Гьелъие нилъ мутIигIал ракIин бихьизабулеб буго жакъа хасаб рагъулаб операциялда нилъер рагъухъабаз. Божула нужецаги мустахIикъго ва къадруялда цIунилин ВатIаналъул гIурхъи ва гIурхъи цIунулесул цIар,-ан абуна Халилула МухIамадовас, рагъухъабазда рагъулаб хъулухъ тIубай байбихьи ва ВатIан цIунулесул къо баркулаго.

## СВОялъул гIахьалчагIазе 310 млн. гъурущ кьезе бихьизабун буго

13 февралалда Дагъистаналъул хIукуматалъул бетIер ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас тIобитIана рагъулаб хъулухъ тIубаялъул суалалда сверухъ данделъи.

Гьениб гьоркьоб лъуна контракталда рекъон Россиялъул рагъулал къуваташе гIолохъаби ахIиялъул, СВОялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизамазе социалияб кумек гьабиялъул суал. Дагъаб цебе къватIибе бачIанин контракталда рекъон рагъулаб хъулухъ тIубалезе кьолел выплатал цIикIкIинариялъул хIакъалъулъ республикаялъул бетIер Сергей Меликовасул указилан баян гьабуна хIукуматалъул нухмалъулес.

Гьелда рекъон резервалъулаб полкалде ине контракт хъвалелъул цохIо нухалъ кьолеб пособие бахинабун буго 1,5 млн. гъурщиде.

300 азарго гъурщиде бахинабун буго цохIо нухалъ «Каспий» отрядалъул добровольцазе кьолеб пособиеги.

Республикаялъул хIукуматалъ хIукму гьабун буго резервалъулаб фондалдаса СВОялъул гIахьалчагIазе цохIо нухалъ кьолел гIарцулал выплатабазе 310 млн. гъурущ бихьизабизе.

........................

## СВОялъул гIахьалчагIазе ракьул участокал кьолел руго

Дагъистаналда унеб буго рагъулаб гIахьалчагIазе ракьул участокал кьеялъул хIалтIи. Гьеб хIалтIуе гIуцIараб оперативияб штабалъ хал кколеб буго гьеб рахъалъ законалъул тIалабал тIуразариялда хадуб ва данде ккезабулеб буго жавабиял идарабазул цадахъаб хIалтIи.

Штабалъул хIалтIулъ гIахьаллъи гьабулеб буго муниципалитетазул, хIукуматалъул органазул, республикаялъул парламенталъул, Росреестралъул ва МФЦялъул вакилзабаз.

Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялда цебе бугеб ветераназул ва хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул ишазул рахъалъ Комитеталъул председатель ГIабдула МухIамадовасул гIахьаллъигун республикаялъул ракьулгун мулкалъул гьоркьохъабазул министерствоялда тIобитIараб оперативияб штабалъул данделъиялда гьоркьор лъуна гьеб суалалда сверухъ гьаризе кколел кIвар бугел суалал.

ГIахьалчагIаз пикру буссинабуна гьанжелъизегIан къурал ракьул участоказул къадаралде, анализ гьабуна нормативиябгун правовияб базаялъул, гьединго хал гьабуна гьеб суал гIумруялде бахъинабулаго шагьаразда ва районазда дандчIвалел проблемабазул.

Памяти учителя

# Светлой памяти учителя и наставника

***Человек живет столько, сколько хранится память о нем.***
***Среди людей, сыгравших без преувеличения, большую роль в деле развития школьного образования, высокой моральности и культуры поведения, которую принято именовать интеллегентностью, имя. вписанное золотыми буквами в историю Цумадинского района, Магомед Магомеднабиевич Дибирасулаев, заслуженный учитель Республики Дагестан.***

18 февраля исполнилось бы 89 лет Народному Учителю и наставнику Магомеду Дибирасулаеву.

О великих людях лучше всего рассказывает время, когда становятся понятны истинные причины и цели, методы и средства, слова и поступки. Сегодня, вспоминая Магомеда Магомеднабиевича, отмечаешь не только его высокий профессионализм, научную добросовестность, умение руководить, но и его умение выстраивать отношения с людьми, это в народном опыте называется мудростью. Умение вовремя поддержать человека, помочь советом и делом, одернуть, при необходимости поставить на место, заставить задуматься над собой и своими поступками, умение держать паузу - не просто народного учителя седьской школы, это - психологическая стратегия, цель которой создание надежного коллектива единомышленников.

Большой педагогический опыт Магомеда Магомеднабиевича проявлялся и в его умении общаться с молодежью. Он был всегда готов к разговору на самые сложные темы, касались ли они проблем образования и воспитания, религий и науки, политики и культуры. Он не только делился с молодежью своим богатым и многосторонним опытом, но своим поведением, ответственным отношением к информации любого рода, учил школьников добросовестности, чувству ответственности за слова и поступки.

Эти и многие другие примеры свидетельствуют о том, что Магомед Магомеднабвич постоянно работал над собой, постоянно искал новую информацию для аргументированного общения с молодежью.

Будучи хорошим педагогом и психологом он понимал, что сегодня иная школьная субкультура завышенными амбициями и слабыми знаниями, понимал, что с такой аудиторией нельзя работать, используя занудные проповеди об учебе и поведении, поэтому свои встречи с школьниками он проводил в доверительной задушевной форме, приводя примеры из своей жизни, жизни людей, которых хорошо знают в Дагестане, которым он когда-то помог и дал путевку в будущее. Он всегда жил заботами сельской молодежи, следил и интересовался постановкой не только учебно-методической работы, но и нравственно-воспитательной работы в школе.

Магомед Магомеднабиевич великолепно владел словом, был прекрасным лектором, оратором и пропагандистом высокого класса, много сделал для воспитания сельской молодежи. При этом он опирался на лучшие традиции, адаты и обычаи дагестанского народа. Во время встречи со школьниками и сельской молодежью приводил десятки «живых» примеров из реальной жизни. Проницательный ум и жизненная мудрость, прекрасная эрудиция, делали его хорошим знатоком истории и исторических фактов. Он давал точную оценку, какие духовно-нравственные качества были характерны дагестанскому народу в прошлом, и какие необходимо брать для молодежи из прошлого в настоящее время.

Такое его отношение к молодежи и коллективу создавало вокруг него атмосферу уюта и комфорта не только в родном селе, но и во всех уголках республики, где бы он не побывал.

Аппелируя к газетным статьям, журналам, книгам, священным писаниям Магомед Магомеднабиевич не только искал подтверждение своим мыслям и взглядам, но и исподволь учил школьников умению аргументированно излагать свои взгляды, учил их искать истину не на поверхности (кто-то что-то сказал), а в мудрости книг, которые он очень ценил. Глубокая тяга к познанию и выяснению сущности и смысла человеческого бытия, была характерной чертой Магомед Магомеднабиевича.

Отношение Магомеда Магомеднабиевича к книге - особый разговор. Всегда бросались в глаза стопки новых книг и редких изданий, одни были с закладками, другие открыты, третьи отложены в сторону. Он не только собирал, покупал и читал эти книги, он еще и формировал отношение к ним учителей и школьников. Он никогда не проходил мимо книжного ларька тщательно выбирая литературу для себя, он всегда комментировал свой выбор, отмечая то автора как хорошего ученого, то проблему, которой посвящена книга, как мало изученную и поэтому вызывающую интерес. Область его интересов была многогранна, поэтому и литература, к которой он обращался, была из разных областей знаний и позволяла ему отлично ориентироваться в современной жизни.



Магомед Магомеднабиевич превосходно знал свой край, побывал чуть ли не во всех селах и аулах, и везде его встречали не только как дорогого гостя, а прежде всего как великого Учителя. Говорят, нет большего счастья для учителя, чем вырастить и воспитать ученика, а когда таких учеников много по всему Дагестану и России - вряд ли можно найти более счастливого человека И где бы не работали выпускники нашей школы, они были и остаются востребованными как хорошие специалисты, которые постоянно вспоминают свою школу с уважением и любовью. Такое отношение свидетельствует о той большой работе и заботе, которые вложил Магомед Дибирасулаев в развитие народного образования Цумадинского района. Он был, безусловно, моральным авторитетом и живой историей не только для коллектива Гигатлинской средней школы, но и для всех людей, которые его знали. Ему характерна терпимость к людям, в том числе и к их слабостям. Умение находить компромиссы в сложных вопросах и ситуациях сделали совместную работу коллектива народного образования района с Магомед Магомеднабиевичем легкой и спокойной, придавали уверенность и оптимизм.

Ему характерны были лучшие качества: природный ум, удивительная память, жизненная мудрость, глубокая и исключительная порядочность, человечность, уважение и любовь к людям, высокая требовательность к себе и окружающим, не унижая при этом человеческое достоинство и мужество. Такие люди на свет рождаются очень редко. При любых общественно-политических ситуациях и изменениях Магомед Магомеднабиевич оставался верным своим убеждениям, принципам и нормам жизни.

Особое отношение Магомеда Магомеднабиевича к религии, его нельзя отнести к фанатически верующим. Он веру к богу рассматривал как святую, и внутреннюю необходимость и потребность каждого человека. Поэтому Священное писание Коран считал Небесным писанием, которое наиболее полно отвечает потребностям людей и является самым общим, полным и правильным руководством для человека к благочестивому поведению на его же благо в ближайшей и будущей жизни. Больше всего он начал интересоваться исламской религией в конце 80 годов прошлого века, после распада СССР, когда создался «вакуум» в духовной жизни нашего общества. Начиная с 90-х годов, собрал большое количество исламской литературы, переводы и тафсиры Корана. Особенно в этом плане он много внимания уделял раскрытию смысла и содержания аятов Священной книги «Коран». Он имел почти все переводы и тафсиры Корана и по любому вопросу мог находить точные ответы в аятах.

Исламское возрождение в Дагестане Магомед Магомеднабиевич считал неразрывной составной частью общественно-политического и духовно-нравственного обновления дагестанского народа. Несмотря на многочисленные трудности и препятствия, ислам он рассматривал одним из основных факторов, формирующих образ жизни народов Дагестана. Вместе с тем он оставался приверженцем сохранения лучшего и прогрессивного, то что дала Советская система образования, воспитания и культуры.

Магомед Магомеднабиевич глубоко изучал и комментировал те положения из аятов Корана, которые связаны с нравственными ценностями, часто любил повторять, используя некоторые аяты из Корана, что прогресс общества определяется не только научными достижениями и открытиями в материальной сфере, но еще чем-то более важным, а именно - главенством в этом обществе таких человеческих ценностей, как любовь, взаимное сочувствие и понимание друг друга, уважение и забота о родителях, прямота и чистота поступков и помыслов, представлений и взаимоотношений между людьми.

Он умело использовал при общении с людьми сказания из Корана об ответственности родителей и общества в воспитании молодого поколения, приводил аяты: «Если родители не уделяют должного внимания воспитанию детей и ориентации их в нужном направлении, то они становятся для них бедствием, несчастьем, мукой и постоянной заботой, лишающей сна ночью и не дающей покоя днем».

Магомед Магомеднабиевич особо обращал внимание на обязанности родителей в воспитательном процессе. Одна из основных обязанностей родителей состоит в том, чтобы дать своим детям почувствовать, что они жалеют их, сочувствуют им и любят их, цель состоит в том, чтобы создать хорошую психологическую атмосферу, чтобы сердца их ощущали доверие, а души - спокойствие и чтобы с оптимизмом смотрели в будущее и родители, и дети. Вот почему можно объяснить, говорил он, что одним семьям сопутствует успех в деле воспитания их детей, а другие терпят на этом поприще полный провал. В первом случае семьи чувствуют ответственность перед своими детьми и уделяют им внимание, в результате чего дети становятся благом для них самих, для общества и для окружающих. Что касается других семей, то они подобной ответственности не ощущают и пренебрегают своими детьми, что превращает их в постоянное зло для них самих и общества. Он, характеризуя современное общество, отмечал, что отсталость, рознь, злоба и разобщенность в рядах мусульман на уровне государств, народов и отдельных людей, свидетелями чего мы стали сегодня, ясно указывают на удаленность мусульман от ислама, их отречение от крепкой связи веры и разрыв ими уз истинного братства и веры. Результатом этого стало то, что в отдельных странах получила распространение ошибочная и невежественная пропагандистская деятельность, которая является чуждой и противоречащей канонам ислама.

Магомед Магомеднабиевич был и останется в нашей памяти выдающимся народным учителем, организатором и руководителем, требовательным и понимающим учителем и наставником, надежным другом, душевным человеком, истинным патриотом Дагестана и России, творческим делом и всей жизнью, доказавшим свою преданность Отечеству. Ему были характерны лучшие качества человека-эпохи.

Мы не вечны в этом суетном мире. Уходя из жизни, мы оставляем память - добрую или недобрую. Наш незабвенный Магомед Магомеднабиевич оставил добрую память о человеке кристально честным, чистом, всегда творищим добро, самоотверженно служившим Родине, России и людям Дагестана. Его имя навсегда сохранится в наших сердцах и благодарной памяти как нечто бесценное, неповторимое.

**К. Магомедов,** профессор, доктор сельскохозяйственных наук, академик РАЕ

# ГьитIинав багьадурасул кIудияб гьунар

Сунцаго абулеб букIинчIо доб балагьаб, ракIалдещвеязул щенон балеб цIадалда гьорлъ цо 20-30 соналдаса жинца хасаб бакI кквезе бугеб, кьоялъ гьитIинав Сайгидпаша Хъазанатовасда тарихалда цIар тараб жидер хъизаналъул мухьилъ гьитIинабго лъалкI жиндирги хутIилилан. КиналгIаги гIаламатал загьирлъичIин нух битIунгутIиялъе жидееян чIела гьев ва гьес хвалил квачIикьа хвасар гьавурав гьесул эмен ГIалиасхIаб. Амма, пайда щибха… гIаламаталги загьирлъун кколел жал рукIарабани лъикIлъабигун квешлъаби…



Январалъул роцIцIараб кьоялъ кватIире рахъана Гьакъоса Агъвалибе сапар бухьарал эменги васги. Рорхатал мугIрузда гIазул гьат бицатаб букIана, амма гьоркьехун ругел нухаздагун росулъ жаниб гьелъул лъалкI чи гIунтIуларелъуб гурони букIинчIо. ТIасан ракь бихьулеб букIаниги, гьоркь цIер щулияб чIван букIараб куц, щибго квал-квал гьечIого эменгун вас жанир ругеб машина, циндаго цо ракI гьанцIулеб гIадаб гьаракьги гьабун, хьущтIана ва нухдаса гьоркье, хьитIинибехун бегун уна.

Сайгидпашал гIундузда, моцI ун хадуб, жакъаги, багъулеб буго доб квешаб гьаракь. Цо-цо чагIи лахIзатаз лъавудаса ун, ккараб жо бичIчIуларого, гьелъул хIисаб-суал гьабулел хутIула хадубккун. ГьитIинав гIолиласул гьелъие замана букIинчIо. РекIеда ватилалде кватIиве валагьизавула гьев инсуца бегараб, чвахун бензинги кьватIибе бачIунеб машиналдаса, ва хехго росулъехун лъутеян буюрула машина кьвагьиялдаса бугеб хIинкьиги васасдаса бахчизе хIаракат бахьун. Гьоркьехун цуни, цIорол гьаталда гьоркь бугеб лъаралъе бортизе кьачIараб, бугелъубго тани-кьвагьун, цIа рекIине хIадурун бугеб машинаялъуса жанивги кьан, кьватIиве вачIине кIоларого вугев инсухъги балагьун, васас гIумруялда жаниб тIоцебесеб нухалъ хIалбихьула инсул харбихь гIинтIамичIого, цIорораб маххулги цIадалгун лъималъул квачIикье ккезехьин вугев гьев хвасар гьавизе. Ургьизе замана букIинчIо, щибаб лахIзат хIисабалде босараб букIана. Инсул гьаркьазухь балагьичIого, унтизабураб жиндирго черхалъухь гIенеккичIого, тIаса бахьун жиндирго курткагун, гьебги гIодоб тIамун, нуцIби рагьизе кIвечIеб мехалъ, гьес гьурун цIурдулгун, хIаракат бахъула эмен хвасар гьавизе. Маргьабазулъ абухъего, хабар хехго биданиги, иш халатбахъулеблъи киназдаго лъала. Гьединго вукIана Сайгидпашаги.

Жакъа бигьаяблъун кканиги, расги бигьа букIинчIо доб кьоялъ машинаялъув кьан вугев эмен кьватIиве цIазе, тIадежоялъеги седаличный нервги багьарун вугев, авариялъ мугьги унтизабун. Амма вахьана васас эмен кьватIиве! Доб гIаздада тIамураб курткаялде тIадеги хьурщизавун, чанагъазда гIадин, хьурщун ваччана хIинкъи гьечIеб бакIалде рикIкIадегIан. Гьенив эменги рекъезавун, хадув векерула росулъе кумек гьарун, ахIи базе. Чанги нухалъ рекерун 15-20 минуталдасан нахъе толеб манзил гьитIинав багьадурас щуго минут иналде тун батана нахъе.

КватIичIого тIаде щвараб кумекалъ хехаб куцалда больницаялде щвезарула эменги васги хал-шал гьабизе. Аллагьасул талихIалъ гIумруялъе хIинкъи бугеб хIал батичIо ва кколеб дару-сабабги гьабун, гьел рокъоре регIула. Гьедин тIатана районалъе цоги багьадур, машгьурав Ашахан Хъазанатовасул вацгIал Сайгидпаша. Божула, вацгIаладаса нахъе къарав багьадур гьев вукIинарин ва гьесулги лъикIлъабазулгун тIокIлъабазул нилъеда жеги рагIилин.

Спорталъул лъадариялъул тIоцебесеб экзамен гьеб кьоялъ тIубанин жинцаян рикIкIунеб буго гьес жиндирго мугIалимзабазегун тренеразе баркалаги загьир гьабулаго. Спорталъ черх лъадарун букIинчIебани, щибаб лахIзат гIумруялъул ахирисеблъун кколеб букIараб доб ахIвал-хIалалда жинда Аллагьасул кумек-квербакъиялдалъун эмен хвасар гьавизе кIвезе букIинчIилан.

Гьедин бегана гIоркьиласул гIумрудул тIехьалъул бетIералъул цIияб тIамач. Гьеле доб бахIарчи гьавуларин, кьо тIаде кледал, цо лахIзаталъцин жиндирго пикру гьабичIого, ракIалъ малъухъе, хвалил квачIикьан цогидал рахьизе кIанцIиялъ вахъулин бахIарчиян абураб гIакъилаб калималъе жаваб.

Гьеб хабар рагIидал, дир бадисан магIу хьулана: инсул васасдехун ва васасул инсудехун бугеб рекIел бухIиялъ рухIдалъана. Унгоха, умматалъулги улбул-умумузулги цоцае хиралъи!

Тавпикъ кьеги дуе, гьитIинав багьадур, гIумрудулъ. Аллагьас цIунаги киве кканиги. ЦIалулъгун спорталъулъ чIахIиял бергьенлъаби дуе.

**Хадижат Залимханова**

---

# Суннат тIубай - сахлъи цIуни

**ХIурматиял бусурбаби, какичуриялъул суннатаздасан ккола лъабго нухалда мегIер ххули. Гьеб буго Бичасул аварагас - гьабураб ва нилъеда гьабеян тIадкъараб нух.**

Гьелъие бихьизабун буго кIиго батIияб къагIида. Цояб ккола хьатинибе лъимги тIун цин кIал, хадуб мегIер гьебго лъиналъ лъабцIул ххули. Цогидаб къагIида ккола, цин кIал лъабго нухалда, хадуб мегIер цогидаб лъеца ххули. Кинаб къагIидаялда гьабуниги, суннат тIубала.

Тохтурзабаз абула мегIер чваххи, грипп гIадал унтабаздаса цIуниялъе кумек гьабулин кьойида жаниб цо-кIиго нухалда гIадатияб лъеца бугониги мегIер ххулани. Гьелдалъун нахъе инерес бугила батIи-батIиял вирусазул микробалгун черхалъе заралиял жал.

Гьелдасан бихьулеб буго, 1400-ялдасаги цIикIкIун соналъ цебе Бичасул аварагас бицараб сахлъи цIуниялъул къагIида, тохтурлъиялъул гIелмуялъул цIех-рехазул хIасилалда гьанже баянлъун букIин.

Какичуриялъул суннатал цIуниялда жанир гIемерал пайдаби руго. Гьелъул хIакъалъулъ хьвараб тIехьцин буго медицинаялъул гIелмабазул доктор М. М. МухIаммадовасул.

РачIа нилъеца тIуразарилин Бичасул аварагасул суннатал. Гьелдалъун жакъа дунялалдаги щвела гIемерал пайдаби, метер ахираталъул рокъор рукIина даражабиги.

**«Ас-салам» газеталдасан босараб**

# Сообщение о возможном установлении публичных сервитутов

На основании ст.3.3 ФЗ от 25.10.2001 № 137-ФЗ «О введение в действие Земельного кодекса РФ», ст. 39.37-39.50 ЗК РФ Министерство по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан информирует о рассмотрении ходатайств об установлении публичных сервитутов (далее-Ходатайств) на территории Республики Дагестан. Цель установления публичных сервитутов - эксплуатация существующих линейных объектов системы электроснабжения и его неотъемлемых технологических частей:

- **«ВЛ 35 кВ №22 «ПС Прогресс-ПС Агвали»»** публичный сервитут испрашивается в отношении земельных участков и (или) земель, с кадастровыми номерами: р-н Цумадинский, х Тленхори, ул Интернациональная; 05:38:000001:1103 РД, р-н. Цумадинский, с. Агвали; 05:38:000001:2195 РД, р-н Цумадинский, с Агвали; 05:38:000001:2336 РД, р-н Цумадинский, с Агвали; 05:38:000001:2590 РД, Цумадинский р-н, с Агвали, К. Абакарова ул, д 32; 05:38:000001:2609 РД, Цумадинский р-н, с. Агвали, ул. Колихинская 1-я, д. 17/1.; 05:38:000001:2638 РД, Цумадинский р-н, с.Агвали, ул.К.Абакарова, д.32/1; 05:38:000001:2873 РД, Цумадинский р-н, с Агвали, ул Наиб-Загалова; 05:38:000001:2882 РД, Цумадинский р-н., с. Агвали, ул. Наиб-Загалова, 6/1; 05:38:000003:743 Респ. РД, Цумадинский р-н., с. Гигатли-Урух, ул. Садовая, д.9 а; 05:38:000034:100 РД, р-н Цумадинский, с Гигатли-Урух, с/с Гигатлинская с/администрация; 05:38:000034:101 РД, р-н Цумадинский, с Гигатли-Урух, с/с Гигатлинская с/администрация; 05:38:000034:279 РД, р-н Цумадинский, с Гигатли-Урух; 05:38:000034:401 РД, Цумадинский р-н, с.Гигатли-Урух; 05:38:000034:404 РД, Цумадинский р-н, с. Гигатли-Урух, ул. Шоссейная, д 22; 05:38:000034:411 РД, Цумадинский р-н., с. Гигатли-Урух, ул. Садовая, 9; 05:38:000034:418 368900, РД, Цумадинский р-н, с Гигатли-Урух, ул. Школьная; 05:38:000034:56 РД, р-н Цумадинский, с Гигатли-Урух; 05:38:000034:72 РД, р-н Цумадинский, с/с Гигатлинская с/администрация, с Гигатли-Урух; 05:38:000034:91 РД, р-н Цумадинский, с. Гигатли-Урух; 05:38:000034:99 РД, р-н Цумадинский, с Гигатли-Урух, с/с Гигатлинская с/администрация; 05:38:000048:282 РД, р-н. Цумадинский, с/с. Кванадинская с/администрация; 05:38:000050:352 РД, р-н. Цумадинский, с/с. Хуштадинская с/администрация; 05:38:000050:360 РД, р-н Цумадинский, с Хуштада Урух; 05:38:000051:102 РД, р-н Цумадинский, с/с Хуштадинская с/администрация, с Хуштада-Урух; 05:38:000067:556 РД, Цумадинский р-н., с/с. Гигатлинская с/администрация; 05:38:000067:568 РД, р-н Цумадинский; 05:38:000067:717 РД, Цумадинский р-н; 05:38:000068:18 РД, р-н Цумадинский, с Агвали; 05:38:000068; 05:38:000001; 05:38:000067; 05:38:000048; 05:38:000050; 05:38:000034; 05:38:000051; 05:23:000046; 05:23:000001; 05:23:000054; 05:23:000037; 05:23:000042.

Адрес, по которому заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим ходатайством об установлении публичного сервитута и прилагаемым к нему описанием местоположения границ публичного сервитута, подать заявления об учете прав на земельные участки, а также срок подачи указанных заявлений, время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим ходатайством об установлении публичного сервитута: Министерство по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан, 367000, РД, г.Махачкала, ул.Буйнакского, 5

Тел: +7 (8722) 67-20-87. График работы министерства: понедельник - пятница с 9-00 до 18-00, перерыв с 13-00 до 14- 00; суббота, воскресенье - выходные дни. Официальный сайт министерства в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет» http://estate-rd.ru/, адрес электронной почты mio.estate@e-dag.ru.

Заявления об учете прав принимаются в течение 15 дней со дня опубликования настоящего сообщения.

Официальные сайты в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещается сообщение о поступившем ходатайстве об установлении публичного сервитута: Министерство по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан http://estate-rd.ru/, Администрация МР «Цумадинский район» Республики Дагестан http://www.mo-tsumada.ru/.

Реквизиты решения об утверждении документа территориального планирования, документации по планировке территории, программ комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, а также информацию об инвестиционной программе субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, указанных в ходатайстве об установлении публичного сервитута: схема территориального планирования Республики Дагестан, утвержденная Постановлением Правительства Республики Дагестан от 30 июня 2022 года №210 «Об утверждении схемы территориального планирования Республики Дагестан».

Право собственности «Россети Северный Кавказ» на объекты возникло на основании Акта приема-передачи от 31.03.2008 и подтверждается свидетельствами о государственной регистрации права и выписками из ЕГРН об основных характеристиках и зарегистрированных правах на объект недвижимости.

Сведения об официальных сайтах в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещены утвержденные документы территориального планирования, документация по планировке территории, инвестиционная программа субъекта естественных монополий https://fgistp.economy.gov.ru.

Дополнительно по всем вопросам можно обращаться: ПАО «Россети Северный Кавказ» 357506, Ставропольский край, г. Пятигорск, ул. Подстанционная, д.13а, info@rossetisk.ruтел тел.: + 7 (928) 639-97-64.

Графическое описание местоположения границ публичного сервитута, а также перечень координат характерных точек этих границ размещено на официальных сайтах в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет»: Министерство по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан http://estate-rd.ru/, Администрация МР «Цумадинский район» Республики Дагестан http://www.mo-tsumada.ru/.

# Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Гадиринский» за 2024 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2024 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол нение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | НДФЛ | 9,0 | 9,0 | 20,2 | 224,4 |
| 2 | Земельный налог | 4,0 | 4,0 | 1,2 | 30,0 |
| 3 | Налог на имущества | 8,0 | 8,0 | 4,1 | 51,3 |
| 4 | Сельхоз налог | 3,0 | 3,0 | 2,9 | 96,7 |
| 5 | Неналоговые доходы | 30,0 | 30,0 | 30,0 | 100,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **54,0** | **54,0** | **58,4** | **108,1** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2095,0 | 2095,0 | 2095,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 159,0 | 159,0 | 159,0 | 100,0 |
| | **Итого** | **2254,0** | **2254,0** | **2254,0** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **2308,0** | **2308,0** | **2312,4** | **100,2** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1346,2** | **1346,2** | **1458,4** | 108,3 |
| | в т.ч. зарплата | 845,0 | 845,0 | 850,8 | 100,7 |
| 2 | **ВУС** | **159,0** | **159,0** | **159,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 118,0 | 118,0 | 118,0 | 100,0 |
| 3 | **ЖКХ** | **634,2** | **634,2** | **140,7** | 22,2 |
| 4 | **Молодёжная политика** | **5,0** | **5,0** | | |
| 5 | **Культура** | **153,6** | **153,6** | **144,6** | 94,1 |
| | в т.ч. зарплата | 117,9 | 117,9 | 117,9 | 100,0 |
| | **Физкультура и Спорт** | **10,0** | **10,0** | | |
| | **Всего расходов** | **2308,0** | **2308,0** | **1902,7** | **82,4** |
| | в т.ч. зарплата | 1080,9 | 1080,9 | 1086,7 | 100,5 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Гадиринский» М. Гитинмагомедов**

# Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Кочалинский» за 2024 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2024 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 290,0 | 290,0 | 298,9 | 103,1 |
| 2 | Земельный налог | 3,0 | 3,0 | 43,6 | 1453,3 |
| 3 | Налог на имущества | 13,0 | 13,0 | 36,9 | 283,8 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 10,0 | 10,0 | 0,0 | 0,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 0,6 | 30,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **318,0** | **318,0** | **380,0** | **119,5** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2244,0 | 2244,0 | 2244,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 140,6 | 140,6 | 140,6 | 100,0 |
| | **Итого** | **2384,6** | **2384,6** | **2384,6** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **2702,6** | **2702,6** | **2764,6** | **102,3** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1386,1** | **1557,4** | **1557,4** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1018,5 | 1163,5 | 1163,5 | 100,0 |
| 2 | **ВУС** | **140,6** | **140,6** | **140,6** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 102,6 | 102,6 | 102,6 | 100,0 |
| 3 | **ЖКХ** | **1145,9** | **1145,9** | **1051,2** | 91,7 |
| | в т.ч. зарплата | | | | #ДЕЛ/0! |
| 4 | **ФК и спорт** | **30,0** | **30,0** | **10,0** | 33,3 |
| | **Всего расходов** | **2702,6** | **2873,9** | **2759,2** | **96,0** |
| | в т.ч. зарплата | 1121,1 | 1266,1 | 1266,1 | 100,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Кочалинский» М. Куратмагомедов**

# Триумфальное выступление цумадинцев в Минске

С 13по15 февраля 2025 г. в Минске прошел международный турнир по вольной борьбе памяти выдающегося борца, трехкратного олимпийского чемпиона Александра Медведя. И по традиции борцы орлиного края показали отличный результат. Было очень много бескомпромиссных и захватывающих схваток. Наши ребята не оставили шансов своим оппонентам.




Обладателями золотых медалей стали Эльдар Ахмадудинов(65кг с.Кенхи), Аманула Расулов (86 кг. с.Инхоквари) и Мустафагаджи Малачдибиров(92 кг. с.Гигатли). Серебро в копилке супертяжа Гамзата Алиждинова (125 кг. с.Гимерсо). Бронзовые медали завоевали Муса Исламов (57 кг. с.Кенхи), Далгат Абдулкадыров (70 кг. с.Хварши), Джамал Ахмадудинов (79 кг. с.Кенхи) и Магомедхабиб Кадимагомедов( 86 кг. с.Хуштада).



Цумадинцы от всей души поздравляют наших триумфаторов и их тренеров, желают им успехов на спортивном поприще.



**Шамиль Бадрудинов**

## Газпром

# За самовольное подключение к газовым сетям- уголовное наказание

С прохождением холодного периода ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» сталкивается с проблемой самовольных подключений отопительных приборов к системе газоснабжения для отопления жилых помещений.

Самовольное (кустарное) подключение создает угрозу взрыва и пожара, которые могут повлечь за собой человеческие жертвы и значительные материальные потери. Также в результате несанкционированного отбора газа падает давление в системе газоснабжения жилых домов населенного пункта, что отрицательно сказывается на работе газовых приборов добросовестных абонентов.

Согласно действующему законодательству нарушитель полностью оплачивает потребленный газ исходя из мощности оборудования при условии его круглосуточной работы.

В соответствии со ст. 7.19. Кодекса РФ об административных правонарушениях за самовольное подключение к газовым сетям и самовольное использование газа для граждан штраф составляет от 10 до 15 тысяч рублей, для юридических лиц от 100 до 200 тысяч рублей, для должностных лиц от 30 до 80 тысяч рублей, либо дисквалификацию руководителя на срок от 1 года до 2 лет.

Помимо административной ответственности, самовольное подключение к системе газоснабжения – это основание для применения к нарушителю статьи 158 Уголовного кодекса РФ, результатом которого могут стать серьезные санкции: от штрафа свыше 100 тысяч рублей, до лишения свободы на срок до 6 лет.

Райбольницаялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго больницаялъул бетIерав врач Хейрул-Анам Дибирасулаевасда гьесул эбел

**Майсарат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьей иманалда тIойитIун ятаги.

Агъвали гимназиялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго гимназиялъул директор Муслим ВахIидовасда гьесул инсул яц

**Майсарат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. РухI иманалда бахъун батаги. Нахъ ругезе иманияб сабру кьеги.

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго КIванада росдал администрациялъул бетIер Халил ПирмухIамадовасда гьесул яц

**Хадижат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

РухI иманалда бахъун батаги. Нахъ ругезе иманияб сабру кьеги.

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А» Тираж - 1238

Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru